



Februar / Ruhuhuma 2021

*kirundi*

## **Na jewe sindagucira urubanza!**

(Yoh 8,11)

---

### **Ntuce urubanza! Don't judge!**

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

**Mobil.:** +49-172-5638432  
**Mail:** [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
**Homepage** [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

Bakunzi ba go4peace,

Hari umukenyezi akiri muto yari yakunze umugabo aherezako. Nta kindi camuraza ishingira atari kuryamana n'uwu yakunda. Ivyo vyose vyaba kandi batubakanye namba. Niho rero abanditsi n'abafarizayo bamufata bukwi na bukwi abirimwo. Baca bamuzanira Yezu aho yari asanzwe ariko arigishiriza mu gisengeru. Ubu ikibazo gisigaye ni ugupfa canke ugukira.

Itegeko ry'Abayahudi ryategeka kwicisha amabuye bene abo bantu. None rero uyo mugore yari ahagaze hagati yabo yatekewe n'ubwoba. Ubu rero ikibazo ni iki : Yezu ahava amurwanako, maze ntakurikize iryo tegeko? Aho azoba agiye mu murwi w'abagarariza amategeko. Canke ahava akurikiza iryo bwirizwa, maze uyo mugore arihe ivyo yafatiwe. Noneho Yezu avyifashemwo nk'umuhinga koko. Arakurikije itegeko, ariko abwiriza bene gushaka kwica uyo mugore kubanza kwiraba bo nyene, aca avuga ati : „muri mwebwe, uwutagira igicumuro n'amutere ibuye ubwa mbere“. Niho rero baca batangura kwiyonjorora, uherye ku basaza. Baciye bumva ko nabo bafashwe, kuko bazi nabo nyene iryo bwirizwa barirenze akatari gake.

Yezu asigara ari we nyene na wa mugore. Nta numwe yari akiri aho muri abo bakuru b'Abayahudi bari bamuciriye urubanza. Yezu rero arahaguruka, nawe aramuhagurutsa. Aciye amwerekana ingene Imana ikora, ko iri n'ikigongwe kitagira iherezo, ati : „na jewe nta ntahe nkuremetse!“. Uyo mugore aciye yumva ko akunzwe bitavugwa, ubuzima bwiwe buronse itombora ya kabiri yo kubaho gushasha

Na Yozefu - umusore w'umucuraranzi - n'uko vyamugendeye kuri bagenziwe baguma bashaka kumwononera. Baguma bamuvuga nabi, kugirango ntamenyekane neza ngo aje ahabona. Igihe cose vyagenda gurtyo, yama aca abigira inyuma, - akenshi yigira ku gasozi, agacereza igihe kirekire. Yaba shaka kutandukirwa n'icuka kibi be n'ubumara bwabo, kugira ngo umubano ushobore kubandanya. Umusi umwe bamubajije „umukenyuro wiwe“, yabishuye ati : „ndakeneye umwanya munini ndi jenyene, kugira ngo nshobore kunoganza ubwo bubu imbere y'Imana. Aho niho nshobora kuburekura. Ntibuba rero bukinganza. Vyose bica bitungana, ntawe rero mba ngikeneye gucira urubanza!“ Uwushaka rero gutuma ubuzima bushoboka, kandi akaronka ubuzima nyabwo, ahakuye impanuro nziza ivuga iti: „**Ntuce urubanza! – „Don't judge!“**

Ku bwa go4peace Team

Meinolf Wacker